**दिन–बुधवार** **दिनांक–07.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

ओलंपिक सँ भारतक लेल खबरि बढ़िया नहि भेटल अछि। महिला पहलवान विनेश फोगाट पचास किलो भार वर्गक फ्री स्टाइल कुश्ती मे किछु ग्राम वजन बेसी भेलाक कारण अयोग्य घोषित कऽ देल गेली। विनेश फाइनल मे चलि गेल छलीह, मुदा मोकाबिला सँ पहिनेहि अयोग्य भऽ गेलीह। सेमीफाइनल मोकाबिला मे ओ क्यूबाक युस्लिनिस गुजमान लोपज के हरा कऽ ओलंपिकक फाइनल मे पहुँचलवाली पहिल भारतीय महिला पहलवान होयबाक गौरव हासिल कयने छलीह। एम्हर, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विनेश फोगाट के देशक गौरव जनबैत जनौलनि जे आहां चैम्पियन मे चैम्पियन छी। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे आजुक असफलता दुखदायी अछि आओर एहि के शब्द मे नहि जताओल जा सकैत अछि। ओ विनेश फोगाट के सम्बोधित करैत जनौलनि जे चुनौतिक सोझा करब सदिखन सँ अपनेक स्वभाव रहल अछि। अपने आओरो मजगूत भऽ कऽ वापिस लौटि। हम सभ अपने लेल प्रार्थना करैत छी।

---

चुनाव आयोग राज्यसभा उपचुनाव कार्यक्रमक घोषणा कऽ देलक अछि। आयोगक अनुसार बिहारक दू सहित नओ राज्यक बारह सीट पर उपचुनाव होयत। एहि लेल चौदह अगस्त कऽ अधिसूचना जारी कयल जायत आओर ओहि दिन सँ नामांकन करबाक काज शुरू भऽ जायत। प्रत्याशी सभ एकैस अगस्त धरि नामांकन कऽ सकताह। नामांकन पत्र वापिस लेबाक अंतिम तिथि सत्ताईस अगस्त अछि। तीन सितम्बर कऽ मतदान कराओल जायत। बिहार सँ राजदक मीसा भारती आओर भाजपाक विवेक ठाकुर के लोकसभा चुनाव जीतबाक कारण दू सीट पर उपचुनाव भऽ रहल अछि।

---

केन्द्र सरकार जनौलक अछि जे प्रधानमंत्री कौशल विकास योजना मे अखन धरि एक करोड़ अड़तालीस हजार उम्मीदवार सभ के प्रशिक्षित कयल गेल अछि। राज्यसभा मे प्रश्नकालक बीच पूरक प्रश्नक उत्तर दैत कौशल विकास आओर उद्यमिता राज्यमंत्री जयंत चौधरी ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे योजनाक चारिम चरण मे इलेक्ट्रॉनिक्स आओर हार्डवेयर, कृषि आओर लॉजिस्टिक युवा सभक सभ सँ पसिनक क्षेत्र अछि।

———————————————————

दिल्लीक राजेन्द्र नगरक एक कोचिंग सेंटरक बेसमेंट मे तीन छात्रक पानि मे डूबला सँ मृत्युक जाँच सीबीआई शुरू कऽ देलक अछि।

———————————————————

बिहार पुलिस मे सिपाहीक एक्कैस हजार तीन सय इकानवे पद पर भर्तीक पुनर्परिक्षाक पहिल चरण आइ सम्पन्न भऽ गेल। ई परीक्षा सभ जिला मुख्यालय मे पाँच सय पैंतालीस केन्द्र पर लेल गेल। एम्हर, खगड़िया मे पुलिस छापामारि कऽ सॉल्वर गैंगक दस सदस्य के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

आइ देश मे दसम राष्ट्रीय हथकरघा दिवस मनाओल जा रहल अछि। राष्ट्रीय हथकरघा दिवस समारोह नव दिल्लीक विज्ञान भवन मे मनाओल गेल। उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ हथकरघा क्षेत्र मे योगदान लेल हथकरघा बुनकर सभ के संत कबीर आओर राष्ट्रीय हथकरघा पुरस्कार देलनि। एहि मौका पर ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भोकल फोर लोकल मंत्र देलनि अछि। प्रधानमंत्री एहि अवसरि पर देशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————

मिथिलांचल मे पछिला पन्द्रह दिन सँ चलि रहल नव विवाहित मिथिलानी सभक प्रसिद्ध पावनि मधुश्रावणी आइ सिन्नूरदान आओर टेमी दगबाक संग सम्पन्न भऽ गेल। मिथिलांचल मे ई पावनि के लऽकऽ उत्सवी माहौल देखल जा रहल अछि। ई पावनि मे नव

विवाहिता सभ पूरा नियम निष्ठाक संग पन्द्रह दिन धरि शिव–पार्वती, नाग–नागिन, चनाइक संग–संग आनो–आन देवी–देवताक पूजा अर्चना श्रद्धा आ भाव सँ करैत छथि।

———————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेश मे बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच मधेपुराक ग्वालपाड़ा मे सभ सँ बेसी एक सय तिरसठि दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, औरंगाबादक कुटुम्बा मे एक सय एकावन दशमलव चारि मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे पश्चिम चंपारण, नवादा, आओर जमुई जिला मे एक दू ठाम भारी बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिणी क्षेत्र मे कतेको ठाम हल्लूक बारिश आओर मेघ गरजक संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारण प्रदेशक बेसी नदिक जलस्तर बढि रहल अछि। गंगा नदिक जलस्तर भागलपुरक कहलगांव मे चेतावनीक स्तर के पार कऽ गेल अछि। बागमती नदिक जलस्तर सीतामढ़ीक ढेंगब्रिज, रून्नीसैदपुर आओर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे, बुढ़ि गंडक नदी खगड़िया मे, कमल–वलान मधुबनी जिलाक जयनगर आओर झंझारपुर मे आ परमान नदी अररिया मे चेतावनीक स्तर सँ ऊपर बहि रहल अछि।

———————————————————

अररिय जिलाक बसमतिया थाना क्षेत्र सँ एस.एस.बीक. जवान ब्राउन सुगर, नेपाली करेंसी आओर मोबाइलक संग एक नेपाली नागरिक के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक घोड़ासहन क्षेत्र मे एस.एस.बीक. जवान मोटरसाइकिल सवार दू नेपाली युवक के नओ लाख दस हजार नेपाली टाकाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

समाप्त